**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, гъатхэпэм и 12**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью

**Мэрем, гъатхэпэм и 13**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 14**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 15**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

# Дунейм и щIэрэщIэгъуэ

**ЩIы хъурейр, гъащIэр я псэ къабзагъэкIэ, щыпкъагъэкIэ, дахагъэкIэ, гуапагъэкIэ, IэфIыгъэкIэ гъащIэр зыгъэншI бзылъхугъэхэм: анэхэм, анэшхуэхэм, пхъухэм, шыпхъухэм, щхьэгъусэхэм - а псоми яхуэгъэза махуэщIщ Гъатхэпэм и 8-р. Дунейм и щIэрэщIэгъуэ гъатхэм и дахагъыр, гъащIэм и IэфIыпIэр псоми захригъащIэрэ цIыхубзхэр дапщэщи гулъытэ хэха зэрыхуэныкъуэмрэ ар зэрахуэщIыпхъэмрэ куэдым ягу къигъэкIыжу апхуэдэщ къэблэгъа а махуэшхуэр. Ильэси 110-м щIигъуауэ цIыхубэм къадекIуэкI Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэр Урысей федерацэми хамэ къэрал куэдми щаIэт, цIыхубэм я гум, я псэм къехуэбылIэ Iуэхугъуэу къалъытэу.**

ГУАПАГЪЭМ, гулъытэм, лъагъуныгъэм я нэщэнэ дахэу щыт махуэщIыр махуэгъэпсым япэу къыщыхагъэбелджылыкIам щыгъуэ, политикэ мыхьэнэ иIэу щытащ. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Урысейм Гъатхэпэм и 8-р япэ дыдэу щыщагъэлъэпIар 1913 гъэрщ. ИужькIэ абы къыщыграгъэзар Совет властыр уву ильэс зыбжанэ дэкIа нэужьщ. 1921 гъэм Бзылъхугъэхэм я коммунист конференц иным къыщащта унафэхэм ящыщт Гъатхэпэм и 8-р ди къэралым ильэс къэс щыгъэлъэпIэныр. Цlыхубэм мыхьэнэшхуэ ирату, жылагъуэм Iэтауэ щагъэльапIэ Гъатхэпэм и 8-р 1966 гъэм зыгъэпсэхугъуэ махуэу ягъэуваууэ щытащ. Абы теухуа Унафэ щхьэхуэ къищтащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым. «Цlыхубз псоми я махуэ» хъуащ ар икIи иджырей гуфIэгъуэ шыфэлIыфэхэр къищтащ, ипэкIэ иIа политикэ мыхьэнэр щIэкIри.

ООН-м гулъытэшхуэ хуещI ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэшхуэр гъэлъэпIэным. Абы и жэрдэмкIэ къэрал куэдым зыбжанэрэ щрагъэкIуэкIащ Бзылъхугъэхэм я ильэс, цIыхубзымрэ абы и унагъуэмрэ я гъащIэр, псэукIэр иригъэфIэкIуэн мурадкIэ, властыр зыIэщIэлъхэм абы гулъытэ хэха хурагъэщIын папщIэ.

Сыт хуэдэ лъэхъэни цIыхубзым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэр унагъуэм и гупсэу, быным я анэу щытынырщ, абыхэм гъэсэныгъэ екIу яхилъхьэнырщ. Ар бзылъхугъэхэм къахуихуа лъапIэныгъэ инщ икIи къэрал унафэщIхэм абыкIэ сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъакъуэ унэгуащэхэм, анэ быныфIэхэм. Иужьрей лъэхъэнэм ди къэралым гулъытэ хэха щегъуэт анагъэм пщIэ хуэщIыным, унагъуэр гъэбыдэным хуэгъэпса Iуэхухэм. Ар бын зыпI анэхэм ящыщ дэтхэнэми зыхищIащ. Быныр пIынымкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ зымыгъуэта зы ани искъым ди хэкум.

ГъащIэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм: жьэгу пащхьэм, анагъэм, быным - епха къалэнхэм къадэкIуэу, иджырей бзылъхугъэхэм я зэфIэкIыр, акъылыр мы зэманым жыжьэ нос. Къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ абыхэм я лъэкIыныгъэхэр, политикэм, экономикэм, щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэхэм я зыужьыныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэ инхэр. ЦIыхубз куэдым жэуаплыныгъэ лъагэ зыхащIэу къэрал къулыкъушхуэхэр ехьулIэныгъэ пылъу зэрахьэф. Жылагъуэр ирогушхуэ, иропагэ унагъуэ Iуэхухэри лэжьыгъэ IэнатIэри екIуу зэдэзыхьыф бзылъхугъэ щыпкъэхэм.

Бзылъхугъэ псоми ди гуапэу дохъуэхъу Гъатхэпэм и 8-мкIэ. Фи щхьэкIэ, фи унагъуэкIэ, фи лэжьыгъэ IэнатIэкIэ насыпрэ ехъулIэныгъэрэ фиIэну, фи хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъуну, фи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ сыт щыгъуи фи гъусэрэ я гулъытэ фыщымыщIэу куэдрэ узыншэу фыпсэуну. Фэращ «дунейм и дыгъэр, и мазэр, и жылэр»!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Ахэращ гъащIэр щыз зыщIыр

***Урысейм Федерацэми, нэгъуэщI къэрал куэдми щагъэлъапIэ гъатхэпэм и 8-р. Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэр язынныкъуэхэм дежкIэ цIыхубзхэм я хуитыныгъэр ягъэувын папщIэ ирагъэкIуэкIа зэщIэхъееныгъэм и нэщэнэщ, адрейхэм я дежкIэ ар цIыхубзхэм я ехъулIэныгъэхэр, зэфIэкIхэр, зэчийр утыку къыщипхьэ хъун зы махуэщ, щыIэщ дыгъэ бзий нэхумрэ удз гъэгъа гуакIуэмрэ хуагъадэ анэхэр, анэшхуэхэр, щхьэгъусэхэр, пхъухэр, шыпхъухэр нэхъ лейуэ щагъафIэ пIалъэу къэзылъытэхэри. Пэж дыдэуи, куэд щIащ ар гъатхэмрэ дахагъэмрэ я махуэ зэрыхъурэ.***

***Адыгэ утыкур ягъэбжьыфIэу, щIалэгъуалэ зэчиифIэм я щапхъэу, гухэлъ уэрэд дахэхэмкIэ бзылъхугъэ гу щабэхэр ягъафIэу диIэ щIалэхэм гупыж ящIащ я гъащIэр зыгъэщIэращIэ цIыхубзхэм «Адыгэ псалъэ» газетымкIэ ехъуэхъуну.***



**ЖЫГУН Эдуард**, *пшынауэ:* - Бзылъхугъэхэр мыхъуамэ, дунейм иIэну теплъэр нэгъуэщIт. Абыхэм гъащIэм IэфIагъыу, гуапагъыу, дахагъыу халъхьэм хуэдиз цIыхухъум къызыкъуихыфынукъым. Унагъуэ зырызыххэу зэхэту арaщ жылагъуэр, ар зыухуэри, зыгъэпсэури цIыхухъурщ, ауэ унагъуэм игури и псэри абы щIэс цIыхубзырщ. Аращ зэлъытар сабийми балигъми яIэ гукъыдэжыр, ехъулIэныгъэр. Уеблэмэ уи ныбэ изу узыгъашхэри, пщыгъым къыкIэлъыплъри анэращ, щхьэгъусэрщ, шыпхъурщ.

Сэ къызбгъэдэкIыу сохъуэхъу ди гуапэ дыдэу нобэ хуэдэ махуэм дгъафIэ цIыхубз псоми. ГъащIэр щыз зыщIыр ахэращ, я гум фIыгъуэр изу я гъащIэ гъуэгуанэр Тхьэм иригъэкIу. Я гум и къабзагъэм я дунейр дэщIэращIэу, гулъытэрэ гумащIагърэ щымыщIэу, насыпым и курыкыр я Iэпэгъуу псэуну сахуохъуапхъуэ.

си щхьэкIэ ар щхьэусыгъуэ хьарзынэу къызолъытэ, дахагъэм, Iэдэбагъым, нэфIэгуфIагъэм, дэрэжэгъуэм зы махуэ тедухуэныр, цIыхухъухэми цIыхубзхэми ди гур хэзыгъахъуэ махуэу зидгъэIэныр.

Алыхьым и фIыщIэкIэ, си анэр схуэпсэущ, анэшхуитI къысщхьэщытщ, шыпхъу цIыкIуи сиIэщ. Нэхъыщхьэ дыдэу къэслъытэр мис абыхэм яхуэфащэу дунейм сытетынырщ. Си нэхъыжьхэм къысхуаIэ лъагъуныгъэмрэ абыхэм къысхалъхьэ тегушхуэныгъэмрэщ си гъуэгур хэзышри, мы дунейм фIыгъуэу тетымкIэ сахуэупсарэт жызоIэ. Ахэр си зэфIэкIым щыгуфIыкIмэ, сэркIэ пагэмэ, ягу зымащIэкIэ хэзгъэхъуэфмэ, сэ нэхърэ нэхъ насыпыфIэ щыIэнкъым. А си жьантIэм дэсхэми, цIыхубз псоми сехъуэхъуу сыхуейт щIэращIэу, ефIакIуэу, хэхъуэмрэ фIыгъуэмрэ я жьэгу пащхьэ дэмыкIыу, къащхьэщытхэм иригушхуэрэ къащIэхъуэ щIэблэм я лъэр жану щIагъэкIыу куэдрэ псэуну.



**ТЕЗАДЭ Астемыр**, *уэрэджыIакIуэ:* - Бзылъхугъэхэм я махуэр дэтхэнэ цIыхум дежкIи махуэшхуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэращ гъащIэм и къежьапIэр. Ахэр дунейр зыгъэдахэ, унагъуэр зыгъэхуабэ, сабийр зыгъафIэ, балигъыр зыгъэбжьыфIэ Iэпэгъуу диIэщ дэ, цIыхухъухэм. ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ жаIэ игъащIэми. Абыхэм я пщIэр зымыгъэкIуэдын, я дзыхь къэзылэжьын, ягу хэзыгъэхъуэн цIыхухъухэр куэдмэ, дызыхэпсэукI гъащIэм и лъапIэныгъэхэри хъума хъунущ, хъугъуэфIыгъуэри щыкуэдынущ.

Псэ къабзагъымрэ лъагъуныгъэ мыкIуэщIымрэ я дамыгъэу дунейм тет ди анэшхуэхэм, анэхэм, шыпхъухэм сохъуэхъу мы гъатхэ махуэ лъапIэм дэщIэращIэ зэпыту псэуну. Цlыхубз насыпым къызэщIиубыдэ фIыгъуэ псори дэтхэнэ зыми Тхьэм къыбгъэдилъхьэ, узыншагъэмрэ гурыфIыгъуэмрэ Тхьэм щимыгъащIэ.



**ЦАГЪЭ Арсен**, *уэрэджыIакIуэ:* - Гъатхэпэм и 8-р махуэшхуэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэм, абы и купщIэм дыщыгъуазэщ. Ауэ тхыдэ жыжьэм дыхэмыIэбэу иджырей зэманыр къэтщтэнщи,

**ДАРИЙ Дахэнур.**

## IутIыж Борис

# Дахагъэ

***

Дахагъэр псоми къыдолъыхъуэ,
Дунейм и къуагъхэм дыкъуоплъыхь.
КъытфIощIыр гъащIэр хъуа зэшыгъуэ.
Дытхьэусыхэу къыдокIухь.
АрщхьэкIэ щыIэщ а Дахагъэр.
Дапщэщи. Дэни. Къэлъагъуф!
Уи гущIэм исмэ псэ щIыIагъэр,
Къоубзэу щытми, къихужыф.
ИтIанэ уи гур къэпсэлъэнущ:
«Зэрыдахащэ мы дунейр!»…
ЖысIар уи фIэщ сэ ирисщIыну
ЗымащIэ дыдэщ сызыхуейр…
КIэлъыплъыт модэ нэр дэкIуатэу
БлэкIа хъыджэбзым. Сыт дэбгъуэн?
И плъэгъуэ закъуэ щхьэкIэ джатэм
Пасэрей лIыхъур пхуфIыхьэнт!
Е мо лIыжь блэкIыр! Мо шы хъуакIуэр!
Мо тхьэмпэр! Мо хьэпшыр щIэпхъуар!
Мо пшэ Iэрамэр! Мо уэших къакIуэр!
Мо сабий джэгур! Мо щхьэц тхъуар!..
Дахагъэр техуэркъым дунейм, -
ДахапIэр къэгъуэтыф къудей.

## Гупсысэхэр

### И дахагъэм ехьэху

... АДЫГЭ пщащэр щIыкIафIэщ, и щхьэм и уасэ зыщIэж цIы-хущ. Дахагъэкlэ абыхэм япеуэфын зэрыщымыIэр куэд щIауэ псоми ящIэ: цIыху лъагъугъуафIэхэщ, IэпкълъэпкъзэкIужхэщ, уардэу, Iэдэбу зокIуэхэ. Адыгэ цIыхубзхэм я зэхэщIыкIымрэ я зэфIэкIымрэ лъагэщ...

**ДУБРОВИН Николай,**
*XIX лIэщIыгъуэм псэуа зауэ тхыдэтх.*

* * *

АДЫГЭ бзылъхугъэхэр губзыгъэхэщ, гу къабзэхэщ, куэдым гу лъатэ. Абыхэм цIыхухъум пщIэшхуэ хуащI икIи ирипэгэн яфIэфIщ я щхьэгъусэхэр лIыгъэ щIапIэ щихуэкIэ къызыкъуах лIыхъужьыгъэм. Адыгэ бзылъхугъэхэр щэныфIэхэщ, лэжьыгъэр, къабзагъэр фIыуэ ялъагъу...

**БЛАРАМБЕРГ Иван,**
*1827 гъэм къыщыщIэдзауэ урыс пащтыхьыдзэм къулыкъу щызыщIа генерал-лейтенант.*

* * *

АДЫГЭ бзылъхугъэр дуней псом къыщацIыху икIи дахагъэм ехьэху. Абыхэм я набдзэ шылэ фIыцIэ псыгъуэ къурашэм, хъуаскIэр къызыщIих нэ фIыцIэхэм, натIэ хужь джафэм, нэкIу хъурей Iупэ пIащэм удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Дуней хъурейм IэпкълъэпкъзэкIужу тет цIыхухэр мыбдеж Тхьэм щызэхуишэсащ хуэдэщ... Дэ, Европэм, ди насыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжыжьэу Тхьэм дыкъигъэщIащ».

**ГЕРДЕР Иоган,**
*нэмыцэ философ-этнограф.*

* * *

ХЭГЪЭГУУ дэ дыздэщыIахэм, къеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щIыфэ хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ ярдагъэрэ IэпкълъэпкъзэкIужрэ. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ, щабагъэ гуапэмкIэ.

**Абдул-Хьэсэн Али аль-Масуди,**
*хьэрып географ-къэзхутакIуэ.*

# Гум псори къонэ



**Зи нэгур гуапэ, зи Iэгур щабэ, жаIэ. ГъащIэм щызэблэкI къэхъугъэхэм ящыщу цIыхум гукъинэж щыхъури нэхъыбэрэ зытепсэлъыхьри и сабиигъуэм, и ныбжьыщIэгъуэм гуапэрэ щабэу къыхущытахэрщ. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджахэм ящыщу мащIэ-куэдми щIэныгъэ библиотекэм пыщIа мыхъуа зыри яхэтакъым. Абдежт щIалэгъуалэр щIэныгъэм гъунэгъуу щыбгъэдыхьэри IэщIагъэм и щэхухэм щыгъуазэ щыхуэхъури. Библиотекэм и лэжьакIуэхэм къапкърыкI нэхугъэрат абы етIуанэуи ещанэуи ныбжьыщIэхэр езышалIэр, абыхэм я зэхэщIыкIрат зыкъомкIэ дунейм и пIалъэр къэзыхутэхэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъур. Апхуэдэ цIыху телъыджэу куэдым къахущIэкIащ КъБКъУ-м и щIэныгъэ библиотекэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа Слъон Минсурэ.**

ЛIАКЪУЭБЭ бынщ, жаIэу зы псэлъафэ гъэщIэгъуэн адыгэхэм зэрахьэ. Минсурэ къызыхэкIари езым иухуари апхуэдэ унагъуэщ. И адэ Батмэн Хьэжбрам бжьэдыгъущ, Щынджий къуажэм щыщщ, и анэ Хьэгъур Сарэ нэтыхъуейщ, ХьэтрамтыкукIэ зэджэу Анапэ пэблагъэу щыса адыгэ жылэжьым къыщыхъуащ. Зы адыгэ лъэпкъ къыхэкIами, лIакъуэхэм я псэлъэкIэм, я дуней лъагъукIэм, я щэнхабзэм щIапIыкIащ 1939 гъэм шыщхьэуIум и 14-м дунейм къытехьа хъыджэбз цIыкIур. Минсурэ фIащами, зыхэтхэр МирэкIэ зэджа пщащэр зэрысабийрэ псалъэм пщIэ хуищIу, ар дахэу икIи шэрыуэу зэригъакIуэу къэтэджащ. ЦIыкIуу зыхилъхьа щэныр лэжьэн щIидза нэужь къыхуэщхьэпэжащ - цIыхухэм яжриIэнумрэ зэражриIэну щIыкIэмрэ фIы дыдэу ищIэ хъуат.

Къэбэрдей хьэжрэтхэм я щыхьэркIэ зэджэ Куэшхьэблэ дэт курыт еджапIэрщ Минсурэ и япэ лъэбакъуэхэр щичар. Хъарзынэу еджащ, анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ зыхилъхьэ щымыIэу, лъэпкъ литературэхэм фIыуэ щыгъуазэу ар къиухащ. Бгъэдэлъ зэхэщIыкIыр псалъэм тещIыхьауэ зэрыщытыр, ар нэгъуэщIхэм яригъэщIэжыну гукъыдэж зэриIэр арауэ къыщIэкIынущ, еджапIэр къиуха нэужь, Мейкъуапэ дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым щIыщIэтIысхьар. Еджэныгъэм хъарзынэу хэсыхьа хъыджэбзым иужькIэ КъБКъУ-м зыкъригъэдзыжащ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр иIэу ар 1967 гъэм къиухащ.

Налшык къалэм дэт сабий гъэсапIэ №9-м зытIэкIурэ щыIауэ, Минсурэ КъБКъУ-м и библиотекэм ирагъэблэгъащ. ЖыпIэ хъунущ а IэнатIэм ар хьэлэлу пэрытауэ - 1967 гъэм къыщыщIидзэри, 2017 гъэ пщIондэ щылэжьащ. Ар япэщIыкIэ библиотекэм и лэжьакIуэу, итIанэ лэжьакIуэ нэхъыжьу, иужькIэ и зы къудамэм и тету щытащ. 1983 гъэм щIэныгъэ библиотекэм и нэхъыщхьэу ягъэуври, илъэс 35-м нэблагъэкIэ а IэнатIэр ирихьэкIащ.

Тхылъыр гъэтIылъыгъэхэм къыхэпхрэ абы къыщIэупщIэм ептыныр гугъуу къыщIэкIынкъым. Ауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэми езым и хьэлъэ хэлъыжщ. Минсурэ къыщащIа къалэныр тхылъ тыным къыщыувыIэртэкъым. Абы зи унафэ зэрихьэ щIэныгъэ библиотекэм Кавказым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, адыгэхэмрэ къэрэшей-балъкъэрхэмрэ ятеухуа литературэр щызэхуэхьэсат, тхылъ гъуэтыгъуейхэм я фондыр абы хэтт, авторефератхэмрэ диссертацэхэмрэ абдеж щахъумэрт. Дэтхэнэ зыми и фIэщыгъэмрэ къыщыдэкIа илъэсымрэ убзыхуным къищынэмыщIауэ, зытеухуари кIэщIу къэгъэлъэгъуэныр къалэным хыхьэрт. Минсурэ и фIыгъэкIэ, нэхъапэкIэ къэмыхъуауэ, къаIэрыхьэ тхылъхэм я паспорт убгъуар КъБКъУ-м щызэхалъхьэ хъуащ, дэтхэнэ зы къыдэкIыгъуэми теухуауэ ар къэзылъыхъуэр зыгъэгъуэзэн аннотацэ шэщIахэри зэхагъэувэу хуежьащ. А лэжьыгъэм нобэкIэ зиукъуэдиящ, библиотекэм и къудамэ щхьэхуэ толажьэ, Iуэхур зыублахэм къыхалъхьа гукъэкIым зрагъэужь.

Библиотекэр щIыщыIэр цIыхухэращ, абыхэм ядэIэпыкъуу къалъыхъуэ щIэныгъэмкIэ гъэгъуэзэныращ. Минсурэ цIыхум дахэкIэ ягу къыщIинар абы деж къекIуэлIар зыщIэупщIэ тхылъым и мызакъуэу, ещхьэпэнкIэ хъуну нэгъуэщI къэхутэныгъэхэм щигъэгъуазэу, ахэр къахуигъуэту, къахудихыу зэрыщытаргщ. Гулъытэ зыхуимыщIа щыIэу фIэщ щIыгъуейщ. Абы и IуэхукIэ зы гукъэкIыж къыхэслъхьэнут. Урысыбзэм и лексикэр дэзыгъэджу щыта Башиев Хъусейн зэгуэрым пщэрылъ къытщищIауэ къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ епха фIэщыгъэхэм я псалъалъэ зэхэдгъэувэн хуейт. КъыщыщIэддзэ хъунур псалъалъэхэрати, щIэныгъэ библиотекэм псалъалъэ лIэужьыгъуэу щIэлъыр зэщIэтщыпэрт. Гувауэ сыIухьауэ къыщIэкIынти, сызыхуей къыдэкIыгъуэхэр зэбграхагъэххэу срихьэлIащ. Къэслъыхъуэр къыщыгурыIуэм, Минсурэ зы Iэрытх къызитащ, мыр къыпхуэщхьэпэнщ, ауэ зы жэщ-зы махуэ пIыгъа нэужь, къысIэрыгъэхьэж, жиIэри. Зи гугъу сщIыр Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ Слъон Людинрэ «КъэкIыгъэцIэхэр - къэбэрдей адыгэбзэкIэ» фIэщыгъэр зрата тхылъ цIыкIурщ. МащIэу, ауэ гуащIэу, жаIэ адыгэхэм. А Iэрытх цIыкIум и фIыгъэкIэ си къалэныр згъэзэщIа мыхъуу, егъэджакIуэм дызыIуигъэува гъэунэхуныгъэхэми сыпхыкIат... Ауэ, нэхъ гукъинэж сщыхъуарщи, мыпхуэдизу студентхэр зыгъэбырсыра псалъалъэ лэжьыгъэм кърикIуам сеплъынущ икIи седэIуэнущ, жиIэри, Минсурэ дерсым къытхуеблэгъауи щытащ...

Минсурэ къекIуалIэ студентхэм сыт щыгъуи я пIэ зригъэувэфырт, еджэнумэ, гугъу зрагъэхьу щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну къудеймэ, лъэкIымкIэ защIигъэкъуэнут. Библиотекэм ущеджэ хъуну пэш хуитышхуэхэр иIэу щытащ. Тхылъ гъуэтыгъуейхэм абдежт щыгъуазэ защыхуэпщIыфынур. Пщыхьэщхьэр хэкIуэтэху студентым тхылъыр щIиджыкIыу щысамэ, Минсурэ ар а жэщым иIыгъыну иритынут е и лэжьакIуэхэр имыутIыпщыжу сыхьэти 9 хъуху иIыгъынут. Мис апхуэдэу студентыр абы зыхищIэрт.

«Университет библиотекэм сыщыщылэжьа илъэсхэм, - игу къегъэкIыж Минсурэ, - библиотекэр хэмыту зы цIыхум зы лэжьыгъи хуэтхынутэкъым, зы экзамени хуэтынутэкъым. Студентым къилъыхъуэр къызэрыбгъуэтын нэгъуэщI Iэмал щыIэу щытакъым. Аращ цIыхухэр уэру къыдэкIуалIэу, ди лэжьакIуэхэм бэшэчагъым и мызакъуэу, щIэныгъэ хъарзыни ябгъэдэлъу щIыщытари. Библиотекэр нэгъэсауэ хъугъуэфIыгъуэщ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я купщIэщ. Интернетым сыт хуэдиз фIыгъуэ иумыгъуатэми, ар тхылъым къипхыфынум пэшэчэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ зэманым зыдезыгъэкIуфыр лIыфIщ, жаIакъэ, зэхъуэкIыныгъэхэми уадекIуэкIыфын хуейщ. Иджырей библиотекэр щIэныгъэм и мызакъуэу, еджэныгъэми, гъэсэныгъэми, щэнхабзэми я центр хъуну и къалэнщ. Дэ дызытелэжьар аращ, ди ужь итхэми а къалэныр зыми ящхьэщихыркъым».

ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ Минсурэ нобэ тIысыжауэ бынунэм яхэсми, къыдэлэжьахэм ящыгъупщэркъым, IущIа студентхэми я гум ихуркъым. ФIым кIуэд иIэкъым. Зы щапхъэкъым икIи щапхъитIкъым, Минсурэ и гугъу дахэр щхъуэкIэплъыкIэу пхуэIуэтэнущ. Абы и лэжьыгъэр еджапIэми къэралми гулъытэншэ имыщIа пэтми, ин зыщIэхъукI, зэрыгушхуэ фIыщIэшхуэ иIэщ - ар цIыхум фIыуэ къалъагъу, дзыхь къыхуащI, чэнджэщ къыпах.

ЛэжьыгъэмкIэ сакъыу къэгъуэгурыкIуа Минсурэ щапхъэ зытепх хъуну унагъуэ, адыгэ жыIэкIэжькIэ жыпIэмэ, лIакъуэбэ бынунэ хъуащ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуар КъБКъУ-м и профессор, къэкIыгъэхэм я лIэужьыгъуэхэр, ахэр зэрызэхэкIыж лъэпкъыгъуэхэр, дэтхэнэми ябгъэдэлъ уней нэщэнэхэр къэхутэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ япэ дыдэу къезыхьэлIа Слъон Людинщ. Адыгэ Хабзэр щытепщэу унагъуэ екIу зэдэзыщIахэм къуэрэ пхъурэ зэдагъуэтащ, ахэри щIэныгъэмрэ еджэныгъэмрэ и гъуэгукIэ яунэтIащ.

ТIысыжауэ къуэрылъхухэмрэ пхъурылъхухэмрэ яхэс адыгэ бзылъхугъэ дахэр узыншэу куэдрэ ди япэ итыну, зэрыщыт нэхъыкIэ мыхъуу нэхъыжь махуэу къытхэтыну ди гуапэщ.

*Тхыгъэри сурэтри* **ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*

# ГъэунэхуныгъэщIэ

**Мы тхыгъэр зытезухуар и дуней тетыкIэкIи и хьэлщэнкIи адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр зэман кIэщI дыдэм къриубыдэу гу зылъыптэ бзылъхугъэщ. Ар хэт жыфIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Аруан щIыналъэм хыхьэ Псынабэ къуажэм дэс Къэгъэзэжхэ Шэмхьиррэ Лизэрэ япхъу Людэщ.**



А БЗЫЛЪХУГЪЭМ япэу сыщрихьэлIар къыщызгубзыгъыжар иужькIэщ. Сыту жыфIэмэ, абы, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм сызыщыдэлажьэ бзылъхугъэм деж къыщIыхьауэ, сызэрепсэлъылIэрэ, я нэхъ мащIэрауэ, илъэсипщI дэкIагъэнт. Абдежми гу лъыстат а цIыхубзыр и фIэщыпсу Iуэхугъуэ гугъухэм я щхьэфэ иIэбэни гушхуауэ дунейм тетыни «зэримыжагъуэр».

Ауэ ахэр, къытызогъэзэжри, къызэрызгубзыгъыжрэ куэд щIакъым. Дапщэщу пIэрэт жыфIэмэ, апхуэдэм «сыщехъулIар» Къэгъэзэжым нэгъуэщI Iуэхугъуэ гуэркIэ аргуэру срихьэлIэжу, абырэ дэрэ «дыщызэрыцIыхужаращ», нэхъри згъэбелджылымэ, ищхьэкIэ къыщыхэзгъэща ди лэжьэгъум зэриблагъэр езы Людэ къызжиIа иужькIэщ.

АтIэми, мызэкIэ зи гугъу фхуэсщIынур, сызыхуей псоми зы тхыгъэкIэ сызэрылъэмыIэсыфынум къыхэкIыу, Къэгъэзэжым илъэс бжыгъэфI дэкIауэ сызэрырихьэлIэжам крикIуа Iуэхухэм я пэщIэдзэрщ.

## Лъэпкъ Iуэхум зэришэлIахэр

Адыгэхэм ди щэнхабзэм, гъуазджэм щытепсэлъыхьу Интернетым къыщызэрагъэпэщ гупжьейхэм язырщ дыщызэрихьэлIагъэнур Къэгъэзэж Людэрэ сэрэ. Ар абдежым мычэму щытепсэлъыхьырт кIуэ сэ сызэрыцIыкIу лъандэрэ сызыIэпызышэ икIи сфIэтелъыджэ зэхэзекIуэкIэхэм ящыщу адыгэхэм нэхъ тхуэгъэзам.

Бзылъхугъэ жыджэрым (апхуэдэут ар къызэрысщыхъуар) къытригъэзэжурэ къыхигъэщырт къызыхэкIар зыгъэлъапIэ цIыхур зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыжхэм халъытэ зэрыхъунур, абы къыдэкIуэуи, апхуэдэм ди Хэкужьым и зы къуапи къимыгъанэу, къыщыщIидзым ехьэлIа щIыпIэцIэхэр, хигъэунэхукIрэ зэщIикъуэжу, къытщIэхъуэ щIэблэм къызэрагъэсэбэпыну, дунейм къытригъэхьэжын зэрыхуейр.

Пэжым фыхуеймэ, Къэгъэзэжым а щIыкIэм тету емызэшыжу дыкъызыхуриджэм япэщIыкIэ си фIэщ мыхъуэщэу седэIуат. Абы къыхэкIыуи, ар а Iуэхум зэрыхуэнэхъуеиншэр щызыхэсщIар зэманыфI дэкIауэщ. ИкIи, Интернетым къыщызэIуиха и напэкIуэцIым щыжиIэ псори дэсIыгъыным щIэх сытегушхуэну къыщIэкIынтэкъым, зызыхуигъэпс и зекIуэхэм ящыщ гуэрым сыдыхыхьэн хуей мыхъуатэмэ...

## БырмамытI Iуащхьэр ди плъапIэу

Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, Москва щыIэ си къуэмрэ сэрэ дызэгурыIуат, щылажьэм къызэраутIыпщу, АдыгеймкIэ щыIэ лъагапIэхэм дыкIуэну. А лъэныкъуэмкIэ пхрыкIыныр и гум нэхъ къыщIищтэр сэркIэ гурыIуэгъуэт - илъэс бжыгъэ ипэкIэ дызэIэбэкIыжынщи, къуэш щIыналъэм и бгылъэ щIыпIэхэм дэтIур зэгъусэу дыщыIат, абы ипэ къихуэуи иужькIи дызыщыхуэзахэм (цIыхуи щIыпIэ дахи) гу щихуэну (зэрыхуейм хуэдэу) зэрыхунэмысарт.

АрщхьэкIэ, си псэм ищIа нэхъей, щIалэр зыщIэлъэIу щIыпIэ пхыдзам теухуауэ жэуап пыухыкIа гуэри езмытыжу езгъэкIуэкIат, «укъэсыжмэ деплъынщ!» жыхуэсIэ щIыкIэу.

ТIэкIу япэ силъэдэнщи, абдежрат Къэгъэзэж Людэ къызэригъэпэщыну зыхуэхъуапсэ и япэ зекIуэм сыдыхэтамэ нэхъ къасщтэу сыщыпэджэжари.

Бзылъхугъэ гуащIафIэр гупым хэтхэм епсэлъылIэрт, Iуащхьэмахуэ бгыжь уардэм и дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм хабжэ, «БырмамытI» зи фIэщыгъэ бгышхьэ тафэм дэкIыну тегушхуэхэр а Iуэхум хузэщIигъэуIуэу.

АдэкIэ зэрыхъуар аращи, зэадэзэкъуэр дахыхьащ Къэгъэзэж Людэ ежьэн IуэхукIэ зэхиша и япэ гуп цIыкIум. Ауэ щыхъукIи, си фIэщу схужыIэнущ, Москва къикIыжа щIалэм деж къыщыщIэдзауэ, апхуэдэу зэрытщIам хущIегъуэжа зэрытхэмытыр!

МащIэ-куэдми, машинэр зей гублащхьэдэсри къытхэту, цIыхуитху дыхъуу дызэрежьа машинэ лъэрызехьэмкIэ дынэсащ, и щыгуи дихьащ иджырей Къэрэшей-Шэрджэсым и щIыналъэм хыхьэ, куэдым лъэIэсыгъуейуэ къалъытэ БырмамытI бгыщхьэ тафэм и щыгум. «Ар езыр дэнэкIэ здэгъэзар?» жыфIэмэ, Балъкъ псышхуэм и тIуащIэ абрагъуэм узыщрихьэлIэ, куэдым я бзэгупэ телъ Нарзанхэм я псыхъуэм (Долина Нарзанов) къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ нэхъ пыIудзауэ къыхуэплъэ лъагапIэ телъыджэщ.

Хьэсаут къуршыпс уэр цIыкIум декIуэкI гъуэгум узыблишыр мы зэманым къэрэшей фIэкIа зыдэмысыж, а цIэ дыдэр зезыхьэ къуажэжь цIыкIущ.

Къущхьэхъу щIыпIэм дызэритыр и джабащхьэхэмкIэ къозыгъащIэ тIуащIэ зэвым дыдэмыкIыу дызыхуэжэ сэнтх-пэнтх лъагапIэ къуейщIейрат, гублащхьэдэсым (ари адыгэ щIалэщ) тIэкIу япэ зригъэщу къызэрыдигъэщIамкIэ, БырмамытIышхуэрэ БырмамытI ЦIыкIурэ жыхуаIэ Iуащхьэ тафэ зэпыщIаитIыр.

Езы псыми ар щежэх къуэладжэм дэс къуажэ цIыкIуми, адыгэхэри зэрыщыпсэуам и щыхьэту, зэреджэр Хьэсаутщ, кIуэ абы къыдэна къэрэшей тIэкIум я хьэтыркIэ жылэм и цIэр а лъэпкъым и бзэм нэхъ хуагъэкIуэну зэрыпылъыр къыхэдмыгъэщмэ.

## Лъагъуэжь хэшщ

БырмамытI а махуэм дызэрыдэкIуея щIыкIэри, дызэрытетам нэмыщI, нэгъуэщI лъагъуэкIэ дыкъызэрехыжари щхьэхуэу дызытепсэлъыхь хъуну Iуэхугъуэу къыдолъытэ, абы иужь иту, нэхъыбэжи дызэрыгъэхъуу, нэгъуэщI зекIуэхэми дызэрыдыхэтари хэдгъэхьэу. Ауэ, мызыгъуэгукIэ ди къалэныр Къэгъэзэж Людэ гушхуагъэрэ жанагъыу бгъэдэлъым щыщу гу зылъыттахэм адэкIи пытщэныр аращи, мащIэ-куэдми, абы иужь дихьэжынщ.

Ар зэми: «цIыху бжыгъэ дызэрывгъэгъэхъуи, мопхуэдэ бгым и Iэхэлъахэм зыщыдвгъэплъыхь!», мыдрейхэм дежи: «Тыркум дывгъакIуи, адыгэ-абхъазхэм благъагъэкIэ къыдгухьэ хьэтхэм я Хэкужь дивгъэхьи, абдежым узыщыхуэзэ мывабщхъуэ кIанэми Iэ дэдвгъэгъалъэ!» - щыжиIэкIэ, зэхыдигъэхыр зэрыдэдмыIыгъыфым папщIэ дриукIытэжу, къыхилъхьа Iуэхур щIалэхэм псынщIэ дыдэу зэрыдэдмыщтэфыр тфIэемыкIуу апхуэдэщ, нэхъри а Iуэхум дэри дыхуэнэхъуеиншэу зыкъыщытлъытэжкIэ.

Къыхилъхьам къытригъэзэжурэ щытепсэлъыхьыжкIэ, зи гугъу ищIам зэрыхущIемыгъужари ирикъун хуэдиз ерыщагъи фIэщхъуныгъи зэрыбгъэдэлъри зэхыуегъащIэ Къэгъэзэжым мы и Iуэху бгъэдыхьэкIэм. Урегъэгупсыс «мы бзылъхугъэр зытегушхуэ, и акъыл здынэсым щыщ сытым щхьэкIи къэдмыгъэсэбэпынрэ?» жыхуиIэм...

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**




● Фэ фщIэрэ?

# ЩIагъыбзэкIэ къыдопсалъэ



**Тюльпаныр гъатхэм и нэщэнэ удз гъэгъа гуакIуэщ. Гъатхэпэм и 8-м, ЦIыхубзхэм я махуэм, бзылъхугъэхэм нэхъыбэу зэрахуэупсэр аращ.**

АР ди къэралым къытхуизышар, абы нэIуасэ дыхуэзыщIар пащтыхь Петр Езанэрщ. И зыплъыхьакIуэ зекIуэхэм язым абы Урысейм къишащ нэхъапэкIэ щIыпIэм щамылъэгъуа удз гъэгъа зэмылIэужьыгъуэ куэд. Тюльпанри абыхэм ящыщ зыт.

ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, дахагъэм фIыуэ хэзыщIыкI Пётр Езанэм къыхихырт лIэужьыгъуэ нэхъыфI дыдэхэр, узэрамыгъэплъу гуакIуэхэр. ЯпэщIыкIэ абыхэм ягъэдахэу щытар императорым и оранжерееrat, ауэ иджы а удз гъэгъахэр къэрал псом щызэлъащIысащ, цIыхухэми ягу къыдыхьащ икIи нэхъыфIу ялъагъухэм ящыщщ.

Гъатхэ удз гъэгъам гъащIэщIэмрэ лъагъуныгъэмрэ ухуигъэушу къалъытэ. Тюльпаным плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэщ, дэтхэнэри нэр пфIихьэхуу дахэщ. ГъэщIэгъуэныращи, а плъыфэхэр щIагъыбзэ псалъэщ.

Тюльпан плъыжьыр лъагъуныгъэ гуащIэм и нэщэнэщ. Гъуэжь-плъыжьыфэм ныбжьэгъугъэ гуапэ къегъэлъагъуэ. Тюльпан гъуэжьыр гукъыдэжыфIымрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я дамыгъэщ. Тхьэмбылыфэр фIэщхъуныгъэмрэ хъуэхъу гуапэмрэ я бзэщ. Шакъафэр пщIэм, щIыхьым икIи пащтыхь тепщэныгъэм и нэщэнэщ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Маринэ и IэрыкI дахэхэр

**Сыт хуэдэ зэманми цIыху IэпщIэлъапщIэхэм я зэфIэкIыр жылагъуэм щалъытэу къекIуэкIащ. Ди лъэпкъыр къэтщтэнщи, а Iуэхум мыхьэнэшхуэ иратырт: щысабийм щрагъажьэрти, я щIэблэр IэпэIэсагъэм хуагъасэрт. Хъыджэбз цIыкIухэр Iэмал имыIэу дэн-бзэным, хэдыкIым, дыщэидэм, цы зэрыхъэм, уагъэ зэIущэным хагъэгъуазэрт. ЩIалэ цIыкIухэри фащIэ, пхъащIэ, нэгъуэщI IэщIагъэхэми хуэIэрыхуэу къагъэхъурт. Япэм хуэдэу ди зэманым а Iуэхум унагъуэм гулъытэшхуэ щрамытыжми, иджыри ди мащIэкъым IэпэIэсэхэр. Уеблэмэ иужьрейхэм абы дихьэххэр нэхъыбэ зэрыхъум гу лъыдотэ икIи куэдми ар гъащIэм IэщIагъэ нэхъыщхьэ щахуохъу.**



ИДЖЫБЛАГЪЭ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и пэшхэм ящыщ зым щагъэлъагъуэрт зи плъыфэ дахэхэмкIэ удэзыхьэх сабий къэлътмакъ зэрыхъахэр. Хьэпшып дахэхэр къыздикIам дыщыщIэупщIэм, ар ди лэжьэгъу бзылъхугъэ, компьютеркIэ газетым и теплъэр зыщI Дол Маринэ и IэрыкIыу къыщIэкIащ. Маринэ зыпэрыт лэжьыгъэр нэгъэсауэ, жэуаплыныгъэшхуэ пылъу зэригъэзащIэм дыщыгъуазэми, апхуэдэ зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым хэтщIыкIыртэкъым.

- Сэ сытым дежи сфIэфIт IэпэкIэ зыгуэрхэм селэжьыну. ДыщыцIыкIум си шыпхъум сэрэ, ди анэм дыхуригъэсауэ, Iуданэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ хьэпшып гуэрхэр, лъэпэд, Iэлъэщ I хуэдэхэр, зэрытхъэу, зэIутщэу щытащ, - жеIэ Маринэ. - Ди анэр Iэрыгъадэ машинэмкIэ щылажьэкIэ, зэшыпхъуитIыр дыкIэлъыплъырт икIи абы ищIым дэри ди Iыхьэ гуэр хэтлъхьэну дехъуапсэрт. Мамэ Iэлъэщ I зэIуищэу арати, и нэзхэр зыхуей хуэгъэзэжыныр зэшыпхъуитIым къытлъигъэсырт, дэри дыдихьэхауэ икIи делIалIэу, ар нэхъ дахэ зэрытщIыным дыхущIэкъуу и къэухьыр тхыпхъэ дахэу IэкIэ зэрытхъэрт. Мис апхуэдэу а Iуэхум сыхэгъуэзащ. ИужькIэ си сабийхэми цыджанэхэр яхузэIусщэу щытащ. Абдежым щызэпызгъэури, илъэс зыбжанэкIэ IэщIыб сщIауэ къекIуэкIащ. Иджы, си пхъурылъхухэм я фIыгъэкIэ, IэпэIэсэным щIэздзэжащ. Сабийхэр зэрызгъэгуфIэн, щIэщыгъуэу икIи гъэщIэгъуэну сазэрыхуэупсэн къэслъыхъуэурэ интернетым сыщрихьэлIащ мы зи гугъу тщIы къэлътмакъ цIыкIухэм хуэдэ. Илъэсибл хъу си пхъурылъхурат япэу тыгъэ зыхуэсщIари, хуабжьу игу ирихьащ, дэнэ кIуэми и къэлътмакъ цIыкIур и плIэм ильщ. Ар абы щIэщыгъуэ зэрыщыхъуам сытригъэгушхуэри, адэкIи къыпысщащ. Сыдихьэхауэ, сигуми си псэми фIэфIу къэлътмакъхэр зэIузощэ, сабийхэм нэхъ ягу дыхьэн папщIэ Iуданэхэр нэхъ плъыфэ цIугъэнэу къызэрыхэсхыным иужь ситщ.

Пэж дыдэуи, Маринэ и IэрыкIхэм псом япэу укъыдахьэх плъыфэ дахэу зэрызэхэтымкIэ. Къапщтэрэ, зэпэплъыхьын щIэбдзэмэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым Iуданэхэр зэгущу зэрызэрыхъар, хьэпшыпым и дэтхэнэ зы Iыхьэри екIуу зэрызыхуэгъэкIуар. Къэлътмакъ щабэ цIыкIухэр щыпIыгъкIэ, гур гуапагъэм зэрыхуигъэушыр зыхыбощIэ, сэ сызэреплъымкIэ, абы и щхьэусыгъуэри ахэр зи IэрыкI бзылъхугъэ гуакIуэм и псэм и хуабагъэм щыщ зы Iыхьэ абыхэм я лъащIэм зэрыщигъэтIылъырщ. ПщIэ Iуэхур гум къыдыхьэмэ, ар цIыхухэми гунэс ящыхъунущ. Аращ Маринэ и IэрыкIхэм щIэупщIэ щIаIэри.

Дол Маринэ и цIыху щIыкIэкIэ и гугъу пщIымэ, а бзылъхугъэм хуэдэр зырызщ. И дахагъэмрэ и гуакIуагъэмрэ хуэфэщэн хьэл-щэн дахэрэ Iущагъэрэ дыболъагъу. Хабзэ хэлъу и нэмысыр иIыгъыжу апхуэдэщ, нэхъыжьми хуэфэщэн пщIэ яхуещIри, нэхъыщIэми щапхъэ яхуохъуф. Сыт хуэдэ IуэхукIэ убгъэдыхьэми, гъащIэм и унэтIыныгъэ куэдым фIыуэ хэзыщIыкI Долыр, дэIэпыкъуэгъуи чэнджэщэгъуи къыпхуэхъунущ. Аращ зэхэщIыкI зиIэ, зи псалъэр нахуэ, гушыIэ дахэ зыхэлъ Маринэ зыхэт гупми фIыуэ щIалъагъур, ялъытэу пщIэ щIыхуащIыр.

Ди лэжьэгъу бзылъхугъэр икIи анэ, анэшхуэ насыпыфIэщ. Абы и хъыджэбзитIым - Каринэрэ Эллэрэ - гъэсэныгъэ дахэ яритащ, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ яригъэгъуэтащ. Иджы ахэр езыхэри унагъуэ щхьэхуэщ. Абыхэм я щIэблэу пхъурылъху цIыкIуитху иIэщи, ахэр анэшхуэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ... жыжьэ нэхърэ гъунэгъуфI. **3**. Хьэлывэр ... щысри, ягъэжьэху пэплъэжакъым. **6**. ... бэным дэлъри зэхуэдэщ. **9**. Шылэм и ... зеукIыж. **10**. Пщащэр ... гуащэмэ, кхъуейхьэбыкъуэ ешх. **13**. Къуийм и ... хуэзыхущIыр и бийщ. **14**. Хьэм и кIэм ... къыщIэмыуэу есыкIэ ищIэркъым. **17**. Бжьыхьэпэ уэфIрэ ... IупэфIэгъурэ. **19**. Дыгъужьым ... зыфIихьынур и пыIэ щыгукIэ къещIэ. **20**. Выжь и ... выщIэ и уасэщ. **23**. Нысэ мыхъунур жьантIажэ мэхъури, мафIэ мыхъунур ... щолыд. **24**. Уи ... гъэIэси, уи нэмыс гъэбыдэ.

***Къехыу:*** **1**. Ныбэрэ ... псори зэхуэдэщ. **2**. ... и зы махуэм щIымахуэм уегъашхэ. **4**. Къуэр напщIэщ, ... набдзэщ. **5**. ЦIыхум я фэр зэрызэхуэмыдэм ..., ягури зэхуэдэкъым. 6. Жылэм ... бабыщыщхьэ къыфIокIэ. **7**. Унэнум я хьэ ... ехъури, унэхъунум я нысэ мэдыгъуэ. **8**. Бзаджэм уи кIэ ..., пыупщIи блэкI. **11**. Зы ... жьэдыхьэр жьищэм жьэдохьэ. **12**. ... джэлам ущIэмынакIэ. **15**. Джэдум и щхьэр зэрыкIым ... йокI. **16**. Ямылъэгъуа ... яукIыркъым, зэхамыха псалъэ яIуатэркъым. **18**. Нэд мыкъу уврэ, нэд ... зигъэщхърэ? **21**. КъуэфIми къуэ бзаджэми ... щIэин ухуэмылъыхъуэ. **22**. ЩIым ... хьэмбылуми ишхын егъуэт.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***Мазаем и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Берд. **5**. КъуащIэ. **7**. Хьэрып. **8**. КIытэ. **9**. ЦIынэ. **11**. Бжьэ. **16**. Хьэжы. **17**. Хьэлэ. **18**. Хьэчим. **20**. Идар. **21**. Къарэ.

***Къехыу:*** **2**. ЕнтIыр. **3**. Дыхьэгъ. **4**. Гъэр. **5**. КъуапцIэ. **6**. ЩIыунэ. **10**. Бжьы. **12**. Уэрэд. **13**. Щыхьэр. **14**. Ахьмакъ. **15**. Елгъэр. **19**. Чыху.

● ГушыIэ

## Зейм естыжащ

Дизыкъуажэ и щхьэгъусэм джэдкъаз куэду зэрихуэрти, ищэри къыщIэкIамкIэ телевизор къищэхуат. «Телевизорыр джэдкъазым къыхэсхащ», - жиIэурэ къыщIыхьэу хъуам яжриIэрти, ар хуэмышэчыжу Дизыкъуажэ мурад ищIащ абы хуэзэр ирищIэну.

Зы махуэ гуэрым фызыр зыщIыпIэ щыIауэ къыщIыхьэжмэ, телевизорыр бгъуэтмэ къащтэ - пэшым щIэтыжкъым.

- Дэнэ телевизорыр здэпхьар? - щыхьащ фызыр Дизыкъуажэ.

- Зейм естыжащ.

- Хэт зэптар?

- «Джэдкъазым къыхэсхащ, джэдкъазым къыхэсхащ» жыпIэрти, джэдэщым яхуэсхьыжауэ джэдхэр йоплъ, - жиIащ Дизыкъуажэ.

**ЛЫХЬ Людмилэ.**

# Театр утыкум щынасыпыфIэ

***ДыщэкI Рауят ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и актёр нэхъыщIэхэм ящыщщ. Спектаклым зэрыщыджэгумкIэ, и зыщIыкIэмкIэ, бзэр зэригъэшэрыуэмкIэ цIыхухэм я гум дыхьащ, жыпIэнурамэ, и IэщIагъэр фIы дыдэу къохъулIэ. Актёрыныр зи псэм хэлъ Рауят адыгэ анэщ, хабзэ-нэмысым, гъуазджэм щIепIыкI и быныр. Театр гъащIэм, зи пIэ иувэ лIыхъужьхэм я хьэл-щэнхэр къызэригъэлъагъуэм, утыкум къыщихьэкIэ зыхищIэм теухуауэ депсэлъащ абы.***



**- Рауят, щIэныгъэ щызэбгъэгъуэтам, адыгэ театрым щылэжьэн зэрыщIэбдзам я гугъу уэзгъэщIынут.**

- Гъуазджэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтыр къэзухащ. Балъкъэр Тамарэ и гупым сыхэсу ещанэ курсым сыщеджэу, си лъакъуэр къутэри, еджэныр зэпызгъэун хуей хъуащ илъэскIэ. Абы щыпысщэжащ Дэбагъуэ Роман и деж. ЕплIанэ курсым сыщIэсу унагъуэ сихьащ.

Дыщыстудентым дезыгъэджа Тамарэ куэдрэ къыджиIэрт хуабжьу сигу ирихь Iущыгъэ: дохутырым Iэпкълъэпкъыр егъэхъуж, актёрыр псэм йоIэзэ. Дохутыруи, юристуи, экономистуи зыслъагъуркъым сэ, актёр IэщIагъэм си псэр хэлъщ.

**- Япэу ущыджэгуар сыт хуэдэ спектакль? Театрым узэрыщыIэ илъэсищым къриубыдэу сыт хуэдэ ролхэр бгъэзэщIа?**

- Япэ дыдэу «Гуащэмыдэ хьэблэ» спектаклым ЩIыкIейуэ сыхэтащ. АдэкIэ сыщыджэгуар мыхэращ: «ГъащIэм щыщ мазищ» - Мансурэ, «Унэ лъапIэ» - Iэминэ, «Хьэпэщыпхэ» - Мадинэт, «Пшэплъ даущыншэхэр» - Четвертак Галя, «Ханума» - Кабато, «Ревизор» - Пошлёпкинэ Февронье, «Балий хадэ» - Дуняшэ, «Тхыгъэ емыгъэхьахэр» - Гузель, «Филумено Мартурано» - Лючие, «Доктор философии» - Славкэ.

**- УзэрысцIыхумрэ театр утыкум узэритымрэ зыкIи схуэтегъахуэркъым. Сценэм бзылъхугъэ хахуэ гуэрым и хьэл къыщызыкъуэпхыу къысщохъу...**

- Иужьрейуэ дыщыджэгуащ Чыхумахуэ ФатIимэ и бенифисым папщIэ МафIэдз Заирэ игъэува «Филумено Мартурано» пьесэм. Мис абы бзаджэ цIыкIуу сыхэтащ. «Балий хадэм» Дуняши къыщимыкIуэтт, ар къызэхъулIауэ си гугъэщ. Апхуэдэ ролхэр сфIэфIщ, сыщыджэгукIэ моуэ зы къару къызэрымыкIуэ гуэр си гум щопIейтей. Пэжу гу лъыптащ лэжьыгъэм нэгъуэщI сызэрищIым. Си адэр сыщыджэгу спектаклым еплъыну зэгуэр къэкIуати, сыкъицIыхуатэкъым зэ еплъыгъуэкIэ.

Сыт хуэдэ ролми сыхуэхьэзырщ, роль Iей е фIы щыIэн хуей си гугъэкъым. Дэтхэнэми уи псэм щыщ хыболъхьэ, ущопсэу, ппкърокI. НэхъыфI дыдэу слъагъу роли яхэткъым сэ згъэзащIэхэм - псори си псэрщ къызыIэпыкIыр. Театрым сыкъызэрыкIуэрэ илъэсищ мэхъури, сфIэфIу, сыдихьэхыу, гугъуехьым гурыфIыгъуэ къыхэсхыжу солажьэ. Дакъикъитху фIэкIа сыщымыджэгу роль сиIэщ. Ауэ а дакъикъитхум апхуэдиз псэ къару хэслъхьэн хуей мэхъури, ар роль цIыкIуу жысIэфынукъым. Къыслъыса ролыр цIыхухэм гукъинэж ящысщIынырщ си къалэн нэхъыщхьэу утыкум сыкъихьэри, зэман кIэщI дыдэм ар зэбгъэхъулIэныр мащIэ атIэ?! Режиссёрым и еплъыкIэм зыкъом егъэбелджылы - лIыхъужь къыплъысам и гущIагъэщIэлъхэр зэрыбгъэлъэгъуапхъэр къызэрыбгуригъаIуэр, узэриунэтIыр, узэрытригъэгушхуэр куэд и уасэщ.

**- Адыгэ театрыр бзэр хъума щыхъу зы утыкущ...**

- Псалъэм и хьэтыркIэ, ЩоджэнцIыкIу Алий теухуа спектакль диIэщ. Ар курыт еджапIэм щеджэхэм нэхъыбэрэ егъэлъагъун хуейуэ къысщохъу. Сыт щхьэкIэ? ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэм, IэдакъэщIэкIхэм щыщагъэгъуазэ курыт еджапIэм. Ауэ усакIуэшхуэм теухуауэ ари мащIэщ зи гупсысэ зэрыубыд ныбжьыщIэм дежкIэ. Абы и гъащIэ зыхэщIэгъуэщ, упщIэхэр куэду щигъэув ныбжьщ. Алий и гъащIэм нэхъыбэу щыгъуэзэну щхьэпэщ, сыту жыпIэмэ, и зэфIэкIри, и хъэтIри, и гъащIэ гъуэгури, и щхьэ къарикIуахэри гупсысэр зыпсыхьщ. ЩIалэгъуалэм папщIэ спектакль щхьэхуэхэр диIэщ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дыкIуэурэ щыдгъэлъагъуэу. Псалъэм папщIэ, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьам и щIыхькIэ дгъэлъэгъуэнущ «Пшэплъ даущыншэхэр».

Адыгэбзэм и къэухьыр инщ. Сэ театрым сыкъэува нэужь, адыгэбзэкIэ сызыщымыгъуэза псалъэ куэд къэсщIащ. Уи бзэр нэхъри къабзэ щохъу, анэдэлъхубзэм и къарур богъэунэху театрым ущыщылажьэкIэ.

**- Литературэми пэгъунэгъу уещI...**

- Спектакль щхьэхуэм дыщыджэгуну къыдата нэужь, дауи, абы доджэ, хэт лIыхъужьхэм датопсэлъыхь, дигу дыхьа Iуэхугъуэхэр къыхыдогъэщ. Тхыгъэ щхьэхуэ щIэдджыкIа нэужь, ар зытхам теухуауэ нэхъыбэ къэтщIэну дыхуейщи, и гъащIэр къызыхэщ тхыгъэ гуэрхэр, езым и IэдакъэщIэкI доджэ. Мыри жысIэнут: лъэпкъхэм я литературэр зэдгъэпщэнуи Iэмал диIэщ. Гу зэрылъыстамкIэ, адыгэхэм тпэгъунэгъущ итальян пьесэхэр. ИкъукIэ си гум къыдохьэ итальян драматургиер. Адыгэхэм ди шыфэлIыфэм ещхь куэд дыболъагъу а лъэпкъым.

**- Театр утыкум укъыщихьэнум деж сыт зыхэпщIэр?**

- Спектаклым щыщIидзэнум деж хуабжьу согузавэ. Ауэ утыкум сыкъихьа нэужь, сщхьэщокI. НэгъуэщIу хъунукъым, Iэмал имыIэу утыкум къыщыбгъэнэн хуейщ шынэр. Театреплъхэм я нэгу сиплъэркъым, си псалъэхэр сщыгъупщэжыну къысщохъури. Ролыр бгъэзэщIэным ипэ къихуэу уи гур пIейтеиныр тэмэмщ, актёрым къыдекIуэкI щэнщ.

**- Актёрымрэ театреплъымрэ дапхуэдэу зэпыщIа?**

- Сэ згъэлъагъуэ лIыхъужьым и хьэлыр, фIыуи Iейуи щрети, къызэплъхэм я фIэщ схуэщIмэ, аращ псом нэхъыщхьэу театреплъым сыпызыщIэр. Спектаклыр иуха нэужь, пэшым щIэсхэм я пащхьэм дыкъызэрихьэжыр, щхьэщэ зэрытщIыр, Iэгу къызэрытхуеуэр - мыхэр актёрым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Псом хуэмыдэжу, цIыхухэр къэтэджауэ Iэгу щеуэм деж, си гум гуфIэгъуэр къыщопкI. Абы къокI театрым еплъахэр арэзы зэрыхъуар, «сыту фIыуэ дыкъэкIуат» зэрыжаIэр, ялъэгъуам зэрытепсэлъыхьыжынур. Спектаклыр иуха нэужь, цIыхухэр къыдбгъэдохьэ, псалъэ гуапэ къыджаIэ, интернет напэкIуэцIым зыкъызэрыдгъэлъэгъуам теухуа видео пычыгъуэхэр, сурэтхэр къитлъхьа нэужь, хъуэхъу куэд къытхуатх.

**- Сыт хуэдэ дуней тетыкIэ, гупсысэкIэ щыбгъэлъэгъуэну ухуей театр утыкум?**

- Актёр IэщIагъэм зыкъомкIэ къыхолIыфIыхь психологиери, философиери. Сохъуапсэ цIыхум и хьэл-щэн къэзыгъэлъагъуэ, зыгъэгупсысэ роль згъэзэщIэну. Мыри хэлъщ Iуэхум: гушыIэ теплъэгъуэхэм ущыджэгуурэ бгъэдыхьэшхыу еса театреплъыр нэгъуэщI роль щыбгъэзащIэм деж абыи ебгъэсэжын хуейщ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэм теухуауэ дыщыджэгу «Тхыгъэ емыгъэхьахэр» спектаклым Тыркум къыщыхъуа адыгэ пщащэм и ролыр егъэзащIэ. Утыкум куэдрэ сыкъихьэркъым, ауэ, итIани, а ролыр си дежкIэ лъэпкъ гупсысэкIэ псыхьащ. Тыркубзэ защIэкIэ сопсалъэ - ари гъэщIэгъуэнщ. Пщащэм анэдэлъхубзэр къыгуроIуэ, зэхещIыкI, ауэ ирипсэлъэфыркъым. А хъыджэбзым и пIэ ситу утыкум сыкъохьэ, адыгэбзэр си гум къыщоуэ, тыркубзэкIэ сопсалъэ, гъащIэм къигъэув упщIэхэр зызогъэзахуэ.

**- Рауят, уи деж нэмыщI зыщIыпIи щызэхэзмыха уи цIэр хэт къыпфIэзыщар?**

- Си адэшхуэм и анэм Халатт и цIэр. «КхъыIэ, си цIэр фIэфщ хъыджэбз къытхэхъуэмэ» жиIауэ щытащ. Абы и цIэр иджырейуэ кърагъэзэгъри къысфIащащ. СыщыцIыкIум жысIэрт ин сызэрыхъуу си цIэр схъуэжыну. Балигъ сыхъури, сесащи, сигу ирохь.

**- Уи щIалэ цIыкIум фIэфI и анэр адыгэ театрым зэрыщылажьэр?**

- Сабий садым зыхэс гупым псоми яжриIащ «си анэр актрисэу мэлажьэ» жиIэри - зегъэщIагъуэ. Зэзэмызэ лэжьапIэм къыщыздэсшэ къохъу. Репитицэ щедгъэкIуэкIкIэ набдзэгубдзаплъэу къыткIэлъоплъ. Игу ирихь теплъэгъуэхэм хэт псалъэхэр жиIэурэ мэджэгу, унэм дыкIуэжа нэужь.

*Епсэлъар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

# Псынэдахэм аргуэру дыщэ, Зэрэгъыжым япэу дыжьын

**2025 - 2026 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкIа щIымахуэ зэхьэзэхуэр щэбэт кIуамрэ тхьэмахуэмрэ иухащ.**

ИДЖЫ псори я пIэм изэгъэжащ. Нэгъаби хуэдэу, дыщэ медалхэр ялъысащ Псынэдахэ и «Родник»-м и футболистхэм. Абыхэм я хьэрхуэрэгъу псори зэхьэзэхуэм щыхагъэщIащ, куэдым яфIэтелъыджэу дыжьын медалхэр зыIэрызыгъэхьа «Зэрэгъыжым» фIэкIа къэмынэу. А тIур зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжауэ щытащ дыгъэгъазэм и 17-м зэхэта еханэ джэгугъуэм.

КIэух зэIущIэм «Родник»-р къыпимыкIуэтын хуейуэ арат «Спартак-Налшыкым». А къалэным чемпионхэр пэлъэщащ Урысбий Ратмиррэ Бэчбо Муратрэ 30-нэ, 50-нэ дакъикъэхэм дагъэкIа топхэм я фIыгъэкIэ япэ ищри. Мыгувэу налшыкдэсхэм бжыгъэр 2:1 зэращIам ахэр къигъэдзыхакъым икIи текIуэныгъэм лъэ быдэкIэ хуэкIуащ.

Псынэдахэдэсхэм сыт и лъэныкъуэкIи лъэщу зыкъагъэлъэгъуащ. Абыхэм я гъуащхьауэхэращ я хьэрхуэрэгъухэм топ нэхъыбэ дыдэ (55) яхудэзыгъэкIар. ЗэIущIэ къэс ар ику иту 3,6-рэ мэхъу. Абы щыгъуэми я гъуащхьэхъумэхэм джэгугъуитI къэс зы топ къыдрагъэгъэкIауэ аращ (8).

Адрей гъэхэм зэфIэкI щIагъуэ къэзымыгъэлъэгъуа «Зэрэгъыжым» зэхьэзэхуэм и пэм къыщыщIэдзауэ топджэгур фIыуэ зылъагъухэр къыдихьэхащ. Ари и хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIащ, зэрытемыгъэкIуауэ зыбгъэдэкIыжа «Родник»-мрэ «Искра»-мрэ фIэкIа къэмынэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ чемпиону зэхьэзэхуэм хыхьа алътуддэсхэми джэгукIэфI къагъэлъэгъуащ. Абыхэм я гъуащхьэхъумэхэм нэхъ лъэща зэпеуэм хэтакъым икIи псори зэхэту драгъэгъэкIар топи 5 къудейщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ - зэIущIищ къэс зы закъуэ.

«Ислъэмейр» медалхэм пэгъунэгъу дыдэу къэувыIами, зэрыгушхуэн иIэщ. Абы и пашэ Мэрем Андемыр зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъ Iэзэ хъуащ икIи я хьэрхуэрэгъухэм топ 19 яхудигъэкIащ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, апхуэдизрэ къыхэжаныкIыфакъым Бабугент и «Логоваз»-ми (16) Ислъэмей и «Сады Баксана»-ми (18) я командэхэр зэрыщыту.

Хъарзынэу екIуэкIа зэхьэзэхуэм ныбжь гуэрхэр тримыдзэуи къэнакъым. Щхьэусыгъуэр «Джэрмэншыкымрэ» «Нартанымрэ» ар икIэм зэрынамыгъэсыфаращ. Адрей зэпеуэм хэтынухэр къыщыхахкIэ а Iуэхугъуэм къытримыгъэзэн хуэдэу къызэгъэпэщакIуэхэр егупсысыну дыщогугъ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025 - 2026 гъэхэм щекIуэкIа щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта кIэух зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - **2**:**1**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) - **3**:**5**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **3**:**1**, «**Мурбек ФШ**» (Налшык) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **0**:**0**, «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) - «**Нартан**» (Нартан) - **3**:**0** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Малка**» (Малкэ) - **4**:**2**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **3**:**0** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*, «**ГорИс**» (Налшык) - «**Джэрмэншык**» (Джэрмэншык) - **3**:**0** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*.

Аращи, зи чэзу щIымахуэ республикэ топджэгу зэхьэзэхуэр иухащ. Зэман дэкIынурэ гъэмахуэ губгъуэхэм зэпеуэм щыщIадзэнущ. Шэч хэлъкъым ари удэзыхьэх зэрыхъунум.

**ХЬЭТАУ Ислъам**.

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025 - 2026 гъэхэм щекIуэкIа щIымахуэ зэхьэзэхуэм къарикIуар***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Родник»** | **15** | **14** | **1** | **0** | **55-8** | **43** |
| 2. | **«Зэрэгъыж»** | **15** | **13** | **2** | **0** | **46-15** | **41** |
| 3. | **«Искра»** | **15** | **12** | **2** | **1** | **46-5** | **38** |
| 4. | «Ислъэмей» | 15 | 10 | 0 | 5 | 40-24 | 30 |
| 5. | «Спартак-Налшык» | 15 | 9 | 1 | 5 | 33-15 | 28 |
| 6. | «Урыху» | 15 | 8 | 3 | 4 | 31-21 | 27 |
| 7. | «Псыгуэнсу» | 15 | 7 | 3 | 5 | 33-27 | 24 |
| 8. | «Мурбек ФШ» | 15 | 6 | 2 | 7 | 28-22 | 20 |
| 9. | «Шагъдий» | 15 | 6 | 0 | 9 | 29-36 | 18 |
| 10. | «7 Вершин Шалушка» | 15 | 6 | 0 | 9 | 29-56 | 18 |
| 11. | «Малка» | 15 | 5 | 2 | 8 | 25-41 | 17 |
| 12. | «ГорИс» | 15 | 5 | 1 | 9 | 30-40 | 16 |
| 13. | «Логоваз» | 15 | 4 | 3 | 8 | 16-24 | 15 |
| 14. | «Сады Баксана» | 15 | 4 | 0 | 11 | 18-41 | 12 |
| 15. | **«Джэрмэншык»** | **15** | **0** | **0** | **15** | **0-42** | **0** |
| 16. | **«Нартан»** | **15** | **0** | **0** | **15** | **0-42** | **0** |

# Иджы MAX-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы MAX-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.267 • Заказыр №432

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А